

Non _____

Dat _____

Premye Jou

DIREKSYON: Gade mo ak tout definisyon yo nan bwat la. Apre sa li chak fraz yo byen an silans. Chwazi meyè definisyon pou mo ki souliye nan chak fraz yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

MO YO	DEFINISYON YO
Lèt	1) Yon likid blan pou bwè 2) Yon mesaj ekri sou papye 3) Youn nan siy alfabè yo.
Kou	1) Yon pati nan kò w. 2) Youn frape lòt. 3) Yon klas akademik.

1. Lisa te poste yon **lèt** pou frè li.

- O A) 1
- O B) 2
- O C) 3

2. Genyen anpil moun ki renmen **lèt** nan kafe yo.

- O A) 1
- O B) 2
- O C) 3

3. Jozèf genyen yon bèl kravat nan **kou** li.

- O A) 1
- O B) 2
- O C) 3

4. Pwofesè **kou** sa a, renmen pale anpil.

- O A) 1
- O B) 2
- O C) 3

5. Sizàn konn tout **lèt** yo.

- O A) 1
- O B) 2
- O C) 3

Non _____

Dat _____

DIREKSYON: Li epi reponn kesyon anba yo. Prete atansyon a mo nwasi yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

6. Klas la ap fè yon rapò sou diferan metye. Ki enfòmasyon ki **pa** enpòtan pou yo bay?

- A) Ki laj moun nan genyen?
- B) Konbyen ane pou moun nan pase lekòl?
- C) Èske moun nan dwe genyen diplòm oswa lisans?

7. Kisa ki **pa** enpòtan pou nou fè. lè n ap entèvyou yon moun?

- A) Chwazi yon moun ki genyen anpil konesans
- B) Prepare kesyon yo alavans
- C) Pran nòt sou sijè nou pral pale a

8. Kisa ki **pi** enpòtan pou sonje lè w ap fè entèvyou a?

- A) Gade moun lan nan je l
- B) Poze kesyon ki gen rapò ak sijè a
- C) Pale klè

9. Lè w ap gade yon repòtaj, **pou sonje enfòmasyon yo**, kisa ki pi bon pou ou fè?

- A) Eseye imajine tout etap yo
- B) Suiv byen pou ka konprann tout detay yo
- C) Fè desen tout foto yo

10. Kisa ou **pa dwe fè**. Si ou vle sonje pati ou pral resite nan yon pyès teyat?

- A) Ekri sa ou pral di yo
- B) Repete sa ou pral di a anpil fwa
- C) Pa ale nan repetisyon yo

Non _____

Dat _____

Dezyèm Jou

DIREKSYON: Li istwa a byen an silans. Ranpil fòm ki vin apre li. Ekri enfòmasyon an sou papye fòm la byen pon pwofesè kapab li l.

MALIS SELE BOUKE

Vwala se Malis ki rive nan yon vèy, li wè Nonk Bouki gen anpil zanmi li nan vèy la. Li di tout zanmi Nonk Bouki yo: “Nou vle m fè nou wè m monte Nonk Bouki pou m tounen nan vèy la?” Yo di: “Non, ou pa kapab. Yon nonm kon Nonk Bouki..!” Menm lè a yo tout fache. Si ou te wè, tout fi ki te nan vèy a, tout se mennaj Nonk Bouki. Epi pou Malis gen dwa vin di l ap monte Nonk Bouki tankou chwal pou l vin nan vèy la. Ou pa bezwen mande kouman moun yo te fache.

Malis di: “N a wè sa. M ap fè nou wè m monte Nonk Bouki kòm chwal pou m vin nan vèy la”. Li ale lakay li. L ale jwenn avèk Nonk Bouki, li di: “Nonk monchè, m malad.” Bouki mande l: “A, pitit an mwen, Malis, sa ou genyen?”

Malis reponn: “A, pitit ou pa bon menm... okontrè, men la yo envite m nan yon priyè m pap ka ale”. “Ou pap ka ale, kibò priyè sa a ye, pitit an mwen?” Bouki mande l.

“Monchè, m ap rakonte ou kouman priyè a ye.” Malis di l: “Priyè a, se kwis bèf ki kouvri tonnèl, trip bèf ki mare poto tonnèl, pye bèf ki fè poto tonnèl. Tèt bèf fè tizon dife. San bèf la menm fè dlo pou lave figi moun, pou lave pye moun, tèlman vèy la gen vyann. ...Monchè, m p ap ka ale nan vèy la, m malad.

Nonk Bouki pale vit: “O, pitit an mwen, w a ale. Fò n al nan vèy sa a. Vèy sa a nou pa ka rate l.” Malis di: “Enben, fò n oblije rate l, paske m malad. M pa ka mache apye.” Nonk Bouki li: “Ou pa ka mache apye?”

“Mwen pa ka mache apye, Nonk. M pa gen chwal pou m monte.” Malis repon li. “Vini, w a monte sou do mwen.” Bouki kontinye pale: “Sèlman, pinga on mete ti bagay ki pike pike a, non! Si ou met zepon, m pa ladan.”

Ti Mails wè li fin reyisi pati a. Epi li di: “Enben, ann ale. Men, sèlman, m konnen bout ou, jan ou brital... ” “Pinga on ap plede kouri avèk mwen non. Ou wè m tou malad malad mwen. Pinga ou vin ap kouri pou ou sakaje m. Si ou konnen w ap sakaje mwen, pito m rete.” Malis di li sa byen serye.

Bouki reponn: “O, m p ap sakaje ou, pitit an mwen. Se nan vèy sa a pou yon moun ale.” Ti Malis mete grenn zepon l nan pòch li, san nonk pa wè. Li chèche yon sèl, li sele Nonk. Epi pase pye l son li. Nonk Bouki di: “M avèti ou, pinga ou mete ti bagay ki pike pike a...”

Non _____

Dat _____

Malis kouri reponn: “Okontrè menm, m di ou konsa pinga ou ap kouri avè mwen, paske m santi kò m malad. Si ou konnen ou pral kouri avè m, kite m desann.”

“Non, piti an mwen..

Pandan y ap fè ti pale konsa nan wout la, Malis ranje ti grenn zepan 1 nan pye li. Fwèt li nan men 1 tou. Li pase nonk yon zepon **ziyip!** Nonk ponpe li rele:

“A. monchè, m te di ou non, pinga ou mete ti bagay ki pike pike a...!”

Li pase 1 yon lòt ankò **ziyip!** Li rale mò a, Nonk kòmanse kase tèt li tankou yon chwal. Lè Malis wè 1 kòmanse pral rive nan vèy la vre, li wè li reyisi pati a, li bay Nonk yon kout fwèt. Li pike Nonk ak yon zepon. Nonk ponpe, epi yo rive nan vèy la. Tout moun sezi, se mete men nan figi yo. Yo wè yon nonm tankou Nonk Bouki, pou Ti Malis andwa rive monte sou li kon yon chwal. Sa pat kapab fèt...

Non _____

Dat _____

DIREKSYON: Sèvi ak fòm anba la a pou detaye kijan istwa a te pase. Fini ekri konklizyon istwa a dapre enfòmasyon ou ekri sou fòm nan. Ekri byen pou pwofesè a konprann tout mo yo.

Non: _____ **Dat la:** _____

Tit la: _____

Sèn lan:

1) Ki kote: _____

2) Ki lè: _____

Pèsonaj yo:

3) _____ 5) _____

4) _____ 6) _____

7) Pwoblèm/Bi:

8) Sa k rive: Pwoblèm nan kamanse lè...

9) epi...

10) Sa fè...

11) epi sa fè...

12) Finalman...

Non _____

Dat _____

Twazyèm Jou

Redaksyon/Writing Skills (paraphrasing)

Li chak paragraf yo epi reponn kesyon ki swiv yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons.

Manm ekip baskèt bòl la rasanble nan sal pou abiye a anvan gwo match la. Yo salye youn ak lòt tou dousman. Sizàn santi yon kòd mare nan vant li. Pla men li te mouye ak swè. Antrenè a antre epi jwè yo vire gade youn ak lòt. Antrenè a di, “Mwen sèten nou pral genyen match la fwa sa a!”

1. Ki lès nan fraz sa yo ki di kijan Sizàn te santi li?

- A) Li te santi vant li dwòl.
- B) Li te enkyete poutèt men li t ap transpire
- C) Li te nève.
- D) Li te swete lòt moun yo ta pale pi fò.

2. Nan fè kòmantè sou paragraf la, ki enfòmasyon ou pa ta mete ladan?

- A) Ekip la te rasanble nan sal pou abiye a?
- B) Jwè yo gade youn ak lòt.
- C) Se te jou gwo match la.
- D) Antrenè a te sèten ekip la ta pral genyen match la.

Jonatann travay nan bibliyotèk nan kominote a lè samdi. Li ede moun chwazi liv epi siyen pou yo prete liv. Epitou li drese etajè yo ak mete enfòmasyon nan òdinatè. Pati nan travay la li pi renmen se antre nan bonjan kònvèsasyon ak vizitè yo kote yo pale de liv ki nan bibliyotè la.

3. Kilès nan sa yo ki pi byen konbine ide yo nan istwa a?

- A) Jonatann fè plizyè travay nan bibliyotèk la lè samdi.
- B) Travay Jonatann pi renmen fè nan bibliyotèk la se pale ak vizitè yo.
- C) Kèlkefwà Jonatann mete enfòmasyon nan òdinatè nan bibliyotèk la.
- D) Jonatann ede vizitè yo chwazi liv.

Non _____

Dat _____

Chwazi fason ki pi bon pou konbine chak fraz yo. Nwasi pi bon repons la.

4. Lousi te lave figi l. Li te bwose dan li.

- O A) Lousi te lave figi l epi li te bwose dan li.
- O B) Lousi te lave figi l epi Lousi te bwose dan li.
- O C) Lousi te lave figi l, bwose dan li.
- O D) Lousi te lave figi l, li te bwose dan li.

5. Frè m Randi kapab kondui nou ale nan sinema. Li kapab gade film nan avèk nou.

- O A) Frè m Randi kapab kondui nou ale nan sinema, epi li kapab gade film nan avèk nou.
- O B) Frè m Randi kapab kondui nou ale nan sinema, epi aprè sa li kapab gade film nan avèk nou.
- O C) Frè m Randi kapab kondui nou ale nan sinema epi kapab gade film nan avèk nou.
- O D) Frè m Randi kapab kondui nou ale nan sinema epi gade film nan avèk nou.

6. Ranje mo yo pou ou kab jwenn fraz ki kache nan chak nimewo yo.

1. senk – Pyè - mwen - goud – ban.

2. tounen – l – yon – ap – jou – lòt.

3. bò – nou – sa – fè – boulanje – chak – pen – jou.

4. gen – a – polis – yon – kafou – nan.

5. kouri – yo – pa – Li – vit – kouri – kapab – li – rete – sitèlman.

Non _____

Dat _____

7. Kopye gwoup mo ki montre aktivite yo.

1. Jan chita lakay li. _____

2. Mari toujou janti ak Tipòl. _____

3. Zoranj sa yo dous anpil. _____

4. Vye kay la bè anpil. _____

5. Li twazè edmi nan apremidi. _____

6. Se pi gran magazen nan lari a. _____